दिन–बुधवार दिनांक–03.12.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां कहलनि अछि जे सरकार अगिला पाँच वर्ष में एक करोड़ युवा लोकनि के सरकारी नोकरी आ रोजगार प्रदान करत। विधानमंडलक दुनू सदनक सदस्य लोकनि के सम्बोधित करैत राज्यपाल कहलनि जे सरकार बेरोजगारी दूर करबाक आ पलायन रोकबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे सरकार महिला सशक्तिकरणक दिशा मे लगातार काज कऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत जाहि महिला लोकनिक रोजगार नीक सँ चलत हुनका दू लाख टाका धरिक अतिरिक्त सहायता प्रदान कयल जायत। श्री खां कहलनि जे शिक्षा, स्वास्थ्य आ आधारभूत सुविधा के विकास पर सरकार लगातार काज कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे एखन सभ घरेलू उपभोक्ता लोकनि के एक सय पचीस यूनीट बिजली निःशुल्क उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। राज्यपाल बिहारक विकास मे केन्द्र सरकारक भूमिका के सेहो सराहना कयलनि।

---

बिहार विधानसभा मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के सदनक नेता घोषित कयल गेल अछि। तेजस्वी प्रसाद यादव नेता प्रतिपक्ष हेताह। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार आई सदनक कार्यवाही शुरू भेला पर एकर घोषणा कयलनि। राज्यपालक अभिभाषणक बाद विधानसभा मे आइ वित्तीय वर्ष दू हजार पचीस–छब्बीसक द्वितीय अनुपूरक बजट प्रस्तुत कयल गेल। वित्तमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव एकानवे हजार सात सय सत्रह करोड़ टाका सँ बेसी के अनुपूरक बजट प्रस्तुत कयलनि। एकर अलावे सदन पटल पर बिहार अग्निशमन सेवा संशोधन नियमावली–दू हजार पचीस आ बिहार अमीन संवर्ग नियमावली दू हजार पचीस सहित राज्यपाल द्वारा स्वीकृत कयल गेल कतेको अध्यादेशक प्रति सेहो राखल गेल। एहि सँ पहिने सदन राज्यपाल सत्यपाल मलिक, झारखंडक पूर्व मुख्यमंत्री शिबू सोरेन विधानसभाक पूर्व सदस्य श्री चन्द्र सिंह आ हरिनंदन यादव तथा पूर्व विधान पार्षद राणा गंगेश्वर सिंह के श्रद्धांजलि अर्पीत कयलक।

---

बिहार विधानसभाक उपाध्यक्ष के चुनाव काल्हि होयत। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार जनौलनि जे जदयूक वरिष्ठ नेता नरेन्द्र नारायण यादव उपाध्यक्ष पदक लेल नामांकन कयलनि अछि। काल्हि हुनक निर्वाचन के औपचारिक घोषणा कयल जायत। विधानसभा अध्यक्ष राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां के अभिभाषणक स्वागत कयलनि अछि। ओ जनौलनि जे काल्हि सदन में राज्यपाल के आभिभाषण पर चर्चा कराओल जायत।

————————————————————————

बिहार विधान परिषदक शीतकालीन सत्र आइ सँ शुरू भेल। ई सत्र पाँच दिसम्बर धरि चलत आ एहि दरमियान तीन बैसक होयत। सभापति अवधेश नारायण सिंह आसन ग्रहण कयलाक बाद मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के सदनक नेता, राजदक वरिष्ठ सदस्य आ पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी के नेता प्रतिपक्ष आ राजदक अब्दुलबारी सिद्दिकी के प्रतिपक्षक मुख्य सचेतक नियुक्त करबाक घोषणा कयलक। ओ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित नवगठित राज्य मंत्रिमंडलक सभ सदस्य के बधाई आ शुभकामना देलनि।

————————————————————————

केन्द्र सरकार मोबाइल फोन मे अनिवार्य रूप सँ संचार साथी एप के फ्री इंस्टॉल करबाक आदेश के आपस लऽ लेलक अछि। सरकार कहलक अछि जे आब मोबाइल फोन मे एहि एप के फ्री इंस्टॉलेशन आवश्यक नहि होयत। उपभोक्ता के इच्छा पर ई निर्भर अछि जे ओ एहि एप के सक्रिय कऽ एकर लाभ लैथि।

————————————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ देशक प्रथम राष्ट्रपति देशरत्न डॉक्टर राजेन्द्र प्रसादक एक सय चालीसम जयंती पर हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कऽ रहल अछि। मुख्य समारोह पटना मे लोकभवनक राजेन्द्र चौक आ बांस घाट स्थित हुनक समाधि स्थल पर आयोजित कयल गेल। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार हुनका भावभीनी श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, शिक्षा विभागक दिस सँ राजेन्द्र बाबू के जयंती मेधा दिवसक रूप मे मनाओल गेल। एहि अवसर पर पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे शिक्षामंत्री सुनील कुमार

मैट्रिक आ इंटरमीडिएट के परीक्षा मे राज्य टॉपर रहल विद्यार्थी लोकनि के नगद राशि आ प्रशस्ति पत्र सँ सम्मानित कयलनि।

————————————————————————

पटनाक दानापुर स्थित बिहार रेजिमेंट केन्द्र मे आइ अग्निपथ योजना के अंतर्गत पाँच सय पचास अग्निवीर जीडी आ प्रादेशिक सेना के अस्सी जवान लोकनि पासिंग आउट परेडक बाद राष्ट्र सेवाक शपथ लेलनि। समादेष्टा ब्रिगेडियर राकेश कुमार बोरा परेडक निरीक्षण कयलनि आ उच्च प्रशिक्षण मानक के हासिल करबा पर सभ अग्निवीर के बधाई देलनि। कार्यक्रम मे उपस्थित अग्निवीर लोकनिक माता–पिता के सम्मान स्वरूप गौरव पदक सेहो प्रदान कयल गेल।

————————————————————————

सुपौलक सरायगढ़–भपटियाही प्रखंड अंतर्गत मुरली वार्ड संख्या–छओ मे अगिलग्गी के घटना मे दू बच्चाक मृत्यु भऽ गेल। दूनु मृतक सहोदर भाई–बहिन छल। प्रखंड विकास पदाधिकारी अच्युतानंद जनौलनि जे अगिलग्गी के घटना मे आधा दर्जन घर जरिकऽ छाऊर भऽ गेल। ओ जनौलनि जे घटना सँ भेल क्षति के आकलन कयल जा रहल अछि। संगहि आगि लगबाक कारणक सेहो जांच कयल जा रहल अछि।

————————————————————————

प्रदेशभरि के उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे कमी भेला सँ ठंढ़ा बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा के दरमियान आठ दशमवल चारि डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग भागलपुर राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान में कहल गेल अछि जे अगिला अड़तालीस घंटा मे न्यूनतम तापमान में दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरिक आओर कमी आबि सकैत अछि।

————————————————————————

समाप्त भेल।